

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda masih kénéh dipaké dina paguneman sapopoé. Paguneman anu lumangsung tangtuna béda-béda gumantung kana situasi, tempat, jeung tujuanna. Paguneman anu aya di pasar jeung di sakola tangtuna bakal béda. Basa Sunda anu dipaké di sakola mah sipatna formal, ilaharna merhatikeun kana prinsip konvérsasi. Éta hal bakal patukang tonggong jeung paguneman anu lumangsung di pasar.

Komunikasi di pasar sipatna teu formal. Lancarna kagiatan jual-beuli téh ditangtukeun ku lumangsungna kagiatan komunikasi antara nu dagang jeung nu meuli. Fungsi komunikasi nyaéta nepikeun maksud jeung gagasan sangkan ngahontal tujuan, boh tujuan nu dagang nyaéta pikeun ngajual barang daganganna boh tujuan nu meuli nyaéta pikeun meuli barang anu dipikabutuh luyu jeung harga anu dipiharep.

Komunikasi anu lumangsung sakuduna merlukeun ayana hubungan gawé bareng anu hadé antara panyatur jeung pamiarsa. Tujuanna téh sangkan ngawangun komunikasi anu éféktif jeung éfisién. Tapi, basa anu digunakeun dina kagiatan jual-beuli ilaharna ngagunakeun basa anu singget malah mah réa anu taksa. Nurutkeun Nandiwardana (2016, kc.2), enas-enasna mah unggal paguneman anu lancar téh teu salawasna diwangun ku kalimah anu jéntré, malah jiga hésé dipikaharti. Kalimah saperti éta téh disebutna implikatur. Kitu ogé ceuk Hilaliyah (2016, kc. 72), yén implikatur konvérsasi dibalukarkeun ku ngarempakna prinsip konvérsasi.

Ayana implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli ogé lantaran dina nepikeun maksudna, boh nu dagang boh nu meuli, réa anu nepikeunna sacara teu langsung. Éta hal bakal ngabalukarkeun ma'na anu teu nembrak. Luyu jeung sawangan Camelia spk. (2020, kc. 727) anu nétélakeun yén dina nyarita, teu salawasna omongan téh ngandung maksud anu ditepikeun sacara langsung. Sakapeung mah manusa téh ngagunakeun kecap atawa frasa anu miboga maksud nyamuni. Ku sabab miboga maksud anu nyamuni, saupama kurangna élmu ngeunaan basa, implikatur konvérsasi bisa ngabalukarkeun ayana kasalahan tafsir (Khotimah spk., 2021, kc. 3).

Implikatur konvérsasi nu aya di pasar, salasihijina aya dina kagiatan jual-beuli di Pasar Tonggég, Balééndah, Kabupatén Bandung. Ieu pasar mangrupa pasar anu nyadiakeun sagala rupa pangabutuh manusa. Ayana ngan poé saptu, ti ba'da ashar nepi ka ba'da magrib. Ku sabab kitu, réa masarakat anu geus nganti-nganti, réa masarakat anu bakal datang. Ku kituna bakal réa ogé konvérsasi jeung implikatur konvérsasi anu ngirut pikeun ditalungtik.

Implikatur konvérsasi di Pasar Tonggég katitén tina conto paguneman antara nu dagang (D) jeung nu meuli (M) di handap.

M : “Mang, bawang beureum?”

D : “Lima rébu wé atuh ka nu geulis mah.”

Paguneman di luhur lumangsung di tempat nu dagang sayur. Katitén yén paguneman di luhur ngandung implikatur konvérsasi. Omongan anu meuli (M) ngarempak maksim cara. Lantaran maksudna kurang jelas jeung taksa. Luyu jeung sawangan Arvianto (2019, kc. 56) yén maksim cara meredih sangkan pamaké basa ngagunakeun basana sacara langsung, jelas, teu taksa, ogé teu kaleuleuwihi. Lamun ditingali dina jawaban nu dagang, maksud dina omongan nu meuli téh miboga fungsi interogatif nyaéta pikeun nanyakeun harga bawang beureum. Nu meuli teu ngagunakeun kalimah “Mang pangaos bawang beureum sabaraha?” tapi ngan saukur ngagunakeun kalimah “Mang, bawang beureum?”.

Kalimah nu dagang (D) miboga maksud ngainformasikeun harga. Pikeun ngajawab pananya nu meuli, sakuduna cukup ku jawaban “Lima rébu.”. Tapi nu dagang ngalengkepan deui omonganna ku kalimah “ka anu geulis mah.”. Lantaran kitu, éta omongan téh kaasup kana omongan anu ngarempak maksim kuantitas, ku sabab omonganana kaleuleuwihi. Tujuanana, salian ti ngabéwarakeun hargana lima rébu, tapi nu dagang miboga maksud ngarayu nu meuli sangkan meuli daganganna.

Implikatur konvérsasi ogé diwangun ku pola pengeluaran pasangan paguneman. Dina conto di luhur mah, ngawangun pola pasangan paguneman ménta pangjéntré atawa pananya jeung jawaban. Omongan M mangrupa pananya jeung omongan D mangrupa jawaban.

Lian ti éta, ayana implikatur konvérsasi antara nu dagang jeung nu meuli alatan aya kahasan struktur kalimah. Struktur atawa adegan kalimah mangrupa babagian

tina tata basa. Struktur kalimah mangrupa kaédah basa anu ngatur jeung ngaorganisasikeun sangkan dipakéna bener.

Di Pasar Tonggég anu perenahna di Kampung Beringin téh waktuna kawilang heureut. Éta hal ngabalukarkeun kana basa nu dipaké réa anu teu luyu jeung tata basa nu sampurna. Ku kituna, paguneman dina kagiatan jual-beuli, aya unsur tata basa nu disirnakeun atawa diélipsiskeun. Contona dina omongan *Mang, bawang beureum?*, aya kecap anu sirna, nyaéta frasa *sabaraha pangaos* anu jadi unsur *caritaanna*. Ari dina kalimah “Lima rébu wé atuh ka nu geulis mah”, kecap anu sirnana nyaéta unsur jejerna, *bawang beureum*. Bisa dicindekkeun yén implikatur konvérsasi miboga kahasan kalimah nyaéta kalimah anu teu sampurna.

Sawatara panalungtikan ngeunaan implikatur anu kungsi dilakukeun di antarana: 1) panalungtikan “Implikatur Percakapan dalam Transaksi Jual Beli di Pasar Hewan Wage Tulakan” (Hestiyana, 2016) nu medar ngeunaan wangun implikatur. Hasil panalungtikanna nyaéta implikatur paguneman dina wangun kalimah paréntah, implikatur paguneman dina wangun kalimah wawaran, jeung implikatur paguneman dina wangun kalimah tanya; 2) panalungtikan “Implikatur Pada Percakapan Penjual dan Pembeli di Pasar Selasa Desa Cintamanis Baru, Kecamatan Air Kumbang, Banyuasin (Kajian Pragmatik)” (Pratama spk., 2022) nu medar jenis implikatur konvérsasi. Hasil panalungtikanna nyaéta ngeunaan implikatur konvérsasi umum jeung implikatur konvérsasi husus; jeung 3) panalungtikan “Analisis Implikatur Percakapan pada Masyarakat Desa Serba Jadi, Sumatera Utara” (Fadila spk., 2020) nu medar ngeunaan jenis implikatur. Hasil panalungtikanna nyaéta ngeunaan implikatur konvérsional jeung implikatur non konvérsional masarakat desa Serba Jadi Sumatera Utara.

Bédana panalungtikan saméméhna jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun nyaéta dina sumber data jeung tiori nu digunakeunana. Sumber anu digunakeun nyaéta paguneman dina kagiatan jual-beuli di Pasar Tonggég, Beringin, Balééndah, Kabupatén Bandung. Ari anu baris ditalungtikna nyaéta ngagunakeun pamarekan struktur jeung pragmatik.

Pamarekan pragmatik pikeun nalungtik tilu hal nyaéta 1) konvérsasi omongan; 2) prinsip konvérsasi hususna nalungtik ngeunaan prinsip gawé bareng; 3) pola konvérsasi hususna nalungtik ngeunaan pengeluaran pasangan paguneman jeung

sipat rantayan paripolah panyatur dina paguneman; sarta 4) sipat jeung wujud implikatur konvérsi anu ngawengku omongan langsung literal, omongan teu langsung literal, omongan langsung tan literal, jeung omongan teu langsung tan literal. Ari pamarekan struktur pikeun nalungtik kahasan struktur implikatur konvérsasi hususna ngeunaan kateulengkepan unsur kalimah jeung ngaheulakeun démonstrativa.

Dumasar kana pedaran di luhur, mangpaat dina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kaweruh kabahasaan, hususna ngeunaan implikatur konvérsasi anu antukna bisa nyingkahan ma'na ganda jeung kasalahpahaman dina nyangking informasi anu bakal karandapan ku palaku tutur. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi acuan pikeun panalungtik-panalungtik anu kairut dina nalungtik implikatur konvérsasi. Ku kituna, panalungtikan “Implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli di Pasar Tonggég, Balééndah, Kabupatén Bandung (Ulukan Struktur jeung Pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli di pasar Tonggég, Balééndah, Kabupatén Bandung anu rumusan masalah hususna ngawengku lima hal ieu di handap.

- a. Konvérsasi omongan naon waé dina kagiatan jual-beuli?
- b. Kumaha prinsip konvérsasi dina kagiatan jual-beuli?
- c. Kumaha pola konvérsasi dina kagiatan jual-beuli?
- d. Kumaha sipat jeung wujud implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli?
- e. Kumaha kahasan struktur implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nyungsi jeung ngadéskripsikeun implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli di Pasar Tonggég anu perenahna di Kampung Beringin, Balééndah, Kabupatén Bandung.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nyungsi jeung ngadéskripsikeun implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli di pasar Tonggég, Balééndah, Kabupatén Bandung anu tujuan hususna ngawengku lima hal, nyaéta:

- a. konvérsasi omongan dina kagiatan jual-beuli;
- b. prinsip konvérsasi dina kagiatan jual-beuli;
- c. pola konvérsasi dina kagiatan jual-beuli;
- d. sipat jeung wujud implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli; jeung
- e. kahasan struktur implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat ieu panalungtikan kabagi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep pikeun nambahan référénsi, utamana dina kabasaan Sunda ngeunaan implikatur konvérsasi atawa ma'na anu nyamuni. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngungkab sacara tuluy tumuluy ngeunaan basa Sunda dina rupaning widang, hususna dina widang struktur jeung pragmatik. Salian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun kamekaran basa Sunda.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan pragmatik, hususna ngeunaan implikatur konvérsasi dina

kegiatan jual-beuli. Sarta ieu panalungtikan bisa ngajembaran paélmuhan tur bisa dijadikeun pangalaman dina nalungtik aspék kabasaan dina paguneman sapopoé nu nyampak di masarakat.

- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan référénsi panalungtikan ngeunaan kabasaan anu satuluyna bisa ngamekarkeun panalungtikan pragmatik, hususna ngeunaan implikatur konvérsasi.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina ieu tésis dibagi jadi lima bab, nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga mikir. Dina ieu bab dipedar ngeunaan tatapakan tiori anu medar ngeunaan tiori nu patali jeung konvérsasi, prinsip konvérsasi, pola konvérsasi, implikatur konvérsasi, sipat jeung wujud implikatur konvérsasi, kahasan struktur implikatur konvérsasi, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén ngumpulkeun data, jeung analisis ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab, eusina ngadéskripsikeun data jeung hasil panalungtikan ngeunaan implikatur konvérsasi dina kegiatan jual-beuli di pasar Tonggég, Balééndah, Kabupatén Bandung (ulikan struktur jeung pragmatik) anu ngawengku prinsip konvérsasi, pola konvérsasi, sipat jeung wujud implikatur konvérsasi, jeung kahasan struktur implikatur konvérsasi.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Implikasi jeung rékoméndasi tujuanna sangkan bisa méré mangpaat pikeun panalungtik ka hareupna.